



# Liv 3

## Sa W Dwe Konnen Lè W Gen Yon Ijans

Kesyon ak Repons

Si ou avèg oswa ou gen pwoblèm vizyon grav e ou bezwen yon aplikasyon oswa eksplikasyon sa yo nan yon lòt fòma, ou ka mande yo nan distri sèvis sosyal ou. Lòt fòma ki annapre la yo disponib:

- Gwo karaktè;
- Fòma done (yon fichye elektwonik lektè-ekran ki aksesib);
- Fòma odyo (yon transkripsyon odyo sou eksplikasyon yo oswa kesyon aplikasyon yo); ak
- Braille, si ou deklare okenn nan lòt fòma yo pa bon pou ou menm jan.

Aplikasyon yo ansanm ak eksplikasyon yo disponib tou pou telechaje an gwo karaktè, fòma done ak fòma odyo nan [www.otda.ny.gov](http://www.otda.ny.gov) oswa [www.health.ny.gov](http://www.health.ny.gov). Tanpri n ap fè remake ke fòm aplikasyon yo disponib nan fòma odyo ak Braille kòm enfòmasyon sèlman. Pou aplike, ou dwe soumèt yon fòm aplikasyon alekri, ki pa lòt fòma yo. Si ou bezwen yon lòt aranjman, tanpri kontakte distri sèvis sosyal ou.

---

Al gade tou

**LIV 1 (LDSS-4148A-HA)**

"Sa W Dwe Konnen Sou Dwa W ak Responsabilite W"

ak

**LIV 2 (LDSS-4148B-HA)**

"Sa W Dwe Konnen Sou Pwogram Sèvis Sosyal yo"

---

**KENBE LIV SA A POU W KA SÈVI AK LI PITA**

# IJANS

**PREMYE BAGAY POU W FÈ, SI W GEN ASE TAN PANDAN IJANS LAN, SE POU PALE AK YON TRAVAYÈ SOSYAL. OU DWE PALE AK YON TRAVAYÈ SOSYAL TOU APRE W FIN REZOUD IJANS LAN EPI/OSWA SI LÒT SIJESYON KI NAN LIV SA A PA REZOUD IJANS LAN.**

**K. Kisa yon Ijans ye?**

**R.** Yon ijans se yon bezwen oswa yon sitiyasyon ki ijan e ou dwe rezoud li touswit. Men kèk egzanp ijans:

- Ou sanzabri.
- Ou pagen anpil manje oswa ou pagen manje ditou.
- Ou bezwen swen medikal annijans e w pa kapab peye swen medikal la.
- Mèt kay kote w rete a remèt ou papye legal pou l mete w deyò nan kay la oswa li fè w konnen se pou remèt kay la touswit nan pwochen jou kap vini yo.
- Ou pagen kabiran pou chofaj nan epòk fredi ann ivè.
- Yo koupe sèvis publik ou yo oswa yo pral koupe yo, oswa yo voye yon avi pou fè w konnen yo pral koupe yo.
- Oumenm oswa yon moun nan fanmi w, oswa yon moun ki rete nan kay avèk ou te viktim abi fizik oswa abi seksyèl, abi mantal, oswa yo menase w oswa yo menase moun sa a ke yap fè vyolans oswa abi kont nou, epitou zak sa yo se yon moun nan fanmi w oswa yon moun ki rete nan menm kay avèk ou ki fè yo.
- Ou pa touche anpil kòb oswa ou pagen revni ditou, ou pagen anpil resous oswa ou pagen resous ditou.
- Montan total revni w ak resous ou yo mwens pase montan total lwaye w oswa ipotèk ou plis bòdwo chofaj, sèvis publik ak telefòn.

**Si wap aplike pou Temporary Assistance (Asistans Tanporè), epi ou di nou jodiya ou gen yon ijans, nou oblige fè yon entèvyou avèk ou jodiya menm pou nou ka pale de ijans ou genyen an, oswa se pou nou rezoud ijans ou a jodiya menm. Nou oblige ekri ou jodiya tou pou nou fè w konnen desizyon nou sou ijans ou an. Si wap aplike pou Food Stamp Benefits (Benefis Koupon pou Achte Manje), epi ou kalifye pou sèvis prese prese, nou pap pran plis pase senk jou, apatide lè ou te soumet aplikasyon w lan, pou nou ba w yon entèvyou epi pou nou voye yon avi sou desizyon nou pran sou ijans ou an.**

**Si w pagen anpil manje oswa ou pagen manje ditou, oswa si w pagen ase lajan pou w achte manje, ou dwe aplike pou Benefis Koupon pou Achte Manje touswit.**

**K. Kouman Pou M Aplike Pou Asistans Tanporè Annijans?**

**R. Si ou déjà ap resevwa** Asistans Tanporè epi w vin gen yon ijans ki prezante, fè yon travayè sosyal konn sa touswit.

Si w **pap resevwa** Asistans Tanporè, ranpli yon aplikasyon epi fè yon travayè sosyal konnen ke w gen yon ijans. Se dwa w pou yo fè yon entèvyou avèk ou sou ijans ou genyen an nan menm jou a.

Se pou w kolabore avèk yon travayè sosyal pou chèche konnen si w ka jwenn asistans touswit avèk ijans ou a. Travayè sosyal la ap gen pou l chèche konnen detay sou ijans ou genyen an. Yon travayè sosyal va di w ki enfòmasyon ou bezwen pran anvan pou yo ba w asistans ki pou rezoud ijans ou a. Pa egzanp, si w di ou resevwa yon avi legal ke yo pral mete w deyò kote w rete a, travayè sosyal la pral mande w pou l wè avi sa a.

Li pral mande w pou w bay dokiman ki pwouve kimoun ou ye ak dokiman ki pwouve ki moun lòt manm fanmi w ye. Ou ka gen pou bay dokiman tou ki pwouve ke oumenm ansanm avèk fanmi w nou gen yon kondisyon imigrasyon ki satisfezan. Travayè sosyal la pral vle konnen tou si w gen nenpòt revni oswa resous, tankou kont labank oswa lòt asistans ki ka sèvi pou ede w ak ijans lan.

Si w paka jwenn enfòmasyon sou sa oswa dokiman ki pwouve sa, yon travayè sosyal oblige ede w pou w jwenn enfòmasyon oswa prèv sa a.

Si yo apwouve demann ou fè pou asistans lan pou ede w ak ijans lan, yo pral voye yon avi ba ou ki fè w konnen ki kalite asistans yap ba ou, konbyen kòb yap ba ou ak kilè yo pral ba ou l.

**K. Èske Asistans Tanporè Annijans Bay Manje tou?**

R. Asistans Tanporè pral bay yon sibvansyon pou bezwen annijans ki pou ede w avèk manje si pagen okenn lòt « resous », (pa egzant, kantin manje, koupon pou achte manje prese prese) ki disponib pou satisfè bezwen annijans pou manje a.

**K. Kouman Map Fè Konnen Si Yo Apwouve Mwen pou Asistans Tanporè Annijans Ak/Oswa Benefis Koupon pou Achte Manje?**

R. Se pou nou fè w konnen alekri sou desizyon nou pran an konsènan ijans ou a nan menm jou ke w fè n konnen ke w gen yon bezwen oswa yon sitiyasyon dijans. Si wap aplike pou Benefis Koupon pou Achte Manje (Food Stamp Benefits), epi ou kalifye pou sèvis prese prese, nou pap pran plis pase senk jou, apatide lè ou te bay aplikasyon w lan, pou nou ba w yon entèvyou epi pou nou voye yon avi sou desizyon nou pran sou ijans ou an.

**K. Èske Mwen Ka Resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje Touswit?**

R. Wi, ou ka resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje anvan senk jou **apatide lè w soumèt** aplikasyon w lan. Yo rele sa **Sèvis Prese Prese pou Benefis Koupon pou Achte Manje**.

Ou ka resevwa **Sèvis Prese Prese** a si w kalifye pou Benefis Koupon pou Achte Manje epi:

- Tout moun lakay ou yo gen mwenske \$100 kach oswa lòt resous ki disponib **epi** yap resevwa oswa yo pral resevwa mwenske \$150 revni anvan taks nan mwa w aplike a; **oswa**
- Revni w ak resous disponib ou yo, pa egzant, lajan kach ou gen nan men w, kont labank yo, kont depay, sètifikasi depay ak peman yon gress kou yo, mwens pase lwaye w oswa ipotèk ou plis bòdwo chofaj, sèvis piblik, ak telefòn; **oswa**
- Ou se yon travayè ki deplase tout tan oswa ou se yon fèmye sezonye ki pagen pliske \$100 an likid e ke sèl revni w te genyen nan mwa ou ranpli aplikasyon an te 1) fini anvan w te soumèt aplikasyon an, oswa 2) li nouvo e li pa plis ke \$25 revni anvan taks e w pral resevwa l sou dis jou apre w soumèt aplikasyon pou koupon pou achte manje a.

**REMAK:** Li pa nesesè pou w san manje pou w sa jwenn Sèvis Prese Prese pou Benefis Koupon pou Achte Manje.

**R. E Si Mwen Sanzabri Oswa Mwen Pral Yon Sanzabri?**

A. Ou ka jwenn asistans pou:

- Rete nan kay kote w ye kounye a.
- Pou peye pou oumenm ak fanmi w rete avèk yon moun ki pa yon « **fanmi ki gen responsabilite legal.** » Yon **fanmi ki gen responsabilite legal** se yon mari oswa yon madanm, oswa si w gen mwenske 21 an, se yon paran.
- Pou fè aranjman pou oumenm ak fanmi w al rete nan yon abri, nan yon lotèl oswa nan yon motèl tanporèman lè pagen okenn lòt lojman ki disponib.

- Pou peye pou yon alokasyon restoran lè oumenm ak fanmi w pagen mwayen pou n fè manje e ke kote w rete a pa bay manje.
- Pou fè aranjman pou w rete yon kote ki san danje si oumenm oswa yon moun nan fanmi w oswa nan kay kote w rete a, kit oumenm oswa yomenm nou legal nan peyi Etazini, sibi abi fizik, abi seksyèl, abi mantal oswa yo menase nou ke yap fè vyalans kont nou, e ke zak sa yo se yon moun nan fanmi w oswa yon moun ki rete menm kote avèk ou ki poze yo, oswa se yon menaj ou genyen kounye a oswa ke w te genyen anvan ki poze zak sa yo.
- Pou peye pou mete mèb ou ak lòt zafè pèsònèl ou nan depo lè yo mete w deyò nan kay kote w rete a oswa lè w oblige demenaje.
- Pou peye pou depans demenajman, pou depo sekirite lwave oswa kontra, oswa pou peye frè koutye oswa frè ajan imobilye a.
- Pou peye pou atik pou kay ki nesesè pou gen nan kay la lè w fèk rantre ladan I.
- Pou peye pou w mennen pitit ou lekòl e pou al chèche yo lekòl pandan ke fanmi w nan lojman annijans.
- Pou peye pou depans demenajman lè w al rete nan lojman annijans oswa lè w gen pou sot nan yon lojman annijans pou w ale nan yon lòt.

#### K. Kisa Ki Rive Si M Bezwen Chofaj oswa Sèvis Biblik Annijans?

A. Si w pa rete kabiran pou chofaj oswa w gen yon kantite kabiran pou chofaj ki egal a oswa mwenske yon ka tank kabiran pou tout kay la (pou lwil, kewozèn ak pwopàn) oswa w gen pwovizyon pou kabiran pou chofaj ki pral dire mwenske 10 jou (pou bwa ak chabon) oswa yo koupe sèvis biblik ou oswa yo pral koupe yo, ou ka anmezi pou yo ba w asistans.

- Si w **deja ap resevwa** Asistans Tanporè e ou gen yon ijans pou chofaj oswa sèvis biblik, pale sou sa ak yon travayè sosyal.
- Si w **pap resevwa** Asistans Tanporè, rele depatman sèvis sosyal lokal ou a. Yo ka voye w nan biwo pou Home Energy Assistance Program (Pwogram Asistans Enèji nan Kay, HEAP) ki bò lakay ou. Si w rete **nan** Vil Nouyòk, rele oswa vizite Sant Travay ki nan zòn ou a. Yo ka voye w nan biwo pou Community Development Agency's Home Energy Assistance Program (Pwogram Asistans Enèji nan Kay [HEAP] Ajans Devlopman Kominotè).
- Si w pa si ki kote pou w jwenn asistans pou chofaj oswa sèvis biblik annijans, rele nimewo pou apèl gratis la nan, **1-800-342-3009**.

#### K. Kisa Ki Rive Si M Gen Bezwen Medikal Annijans?

R. Règleman Eta Nouyòk oblige lopital yo ba w swen dijans, menmsi w pa ka peye pou li. Si w gen yon ijans medikal, rele 911 pou w jwenn swen medikal touswit.

Lwa Leta Nouyòk egzije tou pou lopital yo ba w swen ki pa ijan ke w ka bezwen si w gen revni ki pi ba pase yon sèten montan. Lalwa mete yon limit sou sa lopital la ka chaje w pou jande swen sa a.

Si w malad e w bezwen swen medikal touswit, e w aplike pou yon Common Benefit Identification Card (Kat Idantifikasiyon Benefis Komen, CBIC) ke w poko resevwa, se pou w avize doktè w la ke w gen yon aplikasyon Medicaid ki annatant.

Medicaid ka peye pou bòdwo medikal pou swen w resevwa jiska twa mwa anvan w aplike pou Medicaid. Sonje pou w fè travayè sosyal la konnen si w gen bòdwo medikal ki peye oswa ki pa peye.

Si w se yon etranje ki pagen papye, oswa si w se yon non imigran tanporè, ou ka kalifye pou Medicaid ede w avèk swen medikal ou si w ansent oswa si w bezwen tretman pou yon pwoblèm medikal ijan.

Medicaid ka peye pou swen medikal ou resevwa andeyò de eta a si w bezwen swen medikal annijans pandan wap vwayaje nan yon lòt eta, men se **sèlman** si doktè a, etablisman medikal la, oswa moun kap bay swen an anrejistre nan pwogram Medicaid Leta Nouyòk la.

**K. E Si Gen Nesesite pou Sèvis Annijans Pwoteje Granmoun, Timoun oswa Lòt Manm nan Fanmi an?**

- R. Men kèk nan sèvis ou ka jwenn pou ede w ak yon ijans. Wap jwenn nenpòt nan sèvis sa yo kèlkeswa limit kòb ou touche a.

Si w rete **andeyò** Vil Nouyòk la, depatman sèvis sosyal lokal la ka ede w, anplisde èd ou ka jwenn lè w rele nan nimewo ki make pi ba yo.

Si w rete **nan** Vil Nouyòk, rele oswa ale nan Sant Travay lokal la oswa chèche enfòmasyon kontak sou Human Resources Administration (Administrasyon Resous Imèn, HRA) oswa Administration for Children's Services (Administrasyon Sèvis Pou Timoun, ACS) nan paj Gouvènman yo ki nan anyè telefonik pou minisipalite kote w rete a nan Vil Nouyòk la. Rele nimewo ki ekri pou kalite èd ou bezwen an. Ou ka jwenn èd **tou** si w rele nan nimewo telefòn ki make pi ba yo.

Byenke pagen okenn limit sou revni pou w sa jwenn sèvis vyolans domestik, fanmi ak moun ki bezwen kay refij poutèt vyolans domestik ka oblige kontribye nan pri kay refij la toudepande revni pèsònèl yo ak resous ki disponib yo.

- **Pwoteksyon pou Timoun** - Se sèvis yo bay timoun ki poko gen 18 an, ki sibi abi oswa yo maltrete. Epi fanmi timoun sa yo jwenn sèvis sa yo tou.

Si w gen yon rezon valab ki fè w sispek yon timoun abize oswa maltrete, rele Rejis Santral pou Abi ak Move Tretman Timoun nan tout Eta a nan nimewo gratis la **1-800-342-3720**. Si yo anrejistre yon rapò, yo pral mennen yon envestigasyon, e si li apwopriye, yo va ofri fanmi an sèvis ki pou pwoteje timoun nan(yo).

Li apwopriye tou pou rele Rejis Santral pou Abi oswa Move Tretman Timoun nan tout Eta a si w gen enkyetid sou abi oswa neglijans posib ki te ka rive nan yon anviwònman swen timoun rezidansyèl. Ou ka rele nimewo gratis la nan **1-800-342-3720** pou w diskite sou enkyetid ou genyen yo. Si yo anrejistre yon rapò, yo va mennen yon envestigasyon nan pwogram rezidansyèl pou swen timoun nan.

Si w rete nan Konte Monroe (Rochester ak zòn ki toupre l yo) oswa nan Konte Onondaga (Syracuse ak zòn ki toupre l yo) gen yon nimewo lokal ou ka rele olye de nimewo sa a, si w gen enkyetid sou abi oswa sou move tretman timoun nan resevwa nan yon anviwònman familyal oswa nan yon anviwònman rezidansyèl. Nimewo a se **461-5690** nan Konte Monroe ak **422-9701** nan Konte Onondaga.

Si w ansent oswa ou gen yon tibebe ki fèk fèt ki gen senk jou oswa ki pi piti, e w pa santi ou ka okipe tibebe w la, pale sou sa ak yon travayè sosyal touswit. Si pou kèk rezon ou paka pale ak yon travayè sosyal, oswa malgresia ou santi w paka okipe tibebe w la, pou w sa jwenn yon mwayen pou pwoteje tèt ou ansanm ak tibebe w la, rele liy asistans pou Enfòmasyon ki konsène Lwa sou Pwoteksyon Timoun Abandone ak liy telefonik pou referans lan, nan 1-866-505-SAFE (**1-866-505-7233**).

- **Sèvis Prevansyon pou Timoun ak Fanmi** – Sèvis yo bay timoun ak fanmi pou kenbe fanmi an ansanm e pou anpeche plasman nan mezon akèy familyal, oswa pou retounen timoun yo, leplivit ke posib, san okenn ensidan lè yo soti nan mezon akèy familyal la Lajan kach annijans, atik, abri oswa lòt atik esansyèl ka reprezante yon pati nan Sèvis Prevansyon pou Timoun ak Fanmi. Pale sou sa ak yon travayè sosyal.
- **Sèvis Pwoteksyon pou Adilt** – Sèvis yo bay moun ki gen 18 an oswa ki pi gran e ki gen andikap fizik oswa mantal, moun ki te sibi domaj oswa ki ekspoze a risk pou yo sibi domaj, moun ki pa ka pwoteje tèt yo, e ki pagen pèsòn ki kapab oswa ki vle pran responsabilite pou ede yo.

Pou bay yon referans oswa pou rapòte abi, neglijans oswa eksplwatasyon kont adilt, tanpri, rele divizyon Protective Services for Adults (Sèvis Pwoteksyon pou Adilt, PSA) ki nan zòn bò lakay ou a dirèkteman ki nan depatman sèvis sosyal lokal ou a. Ou ka rele nimewo gratis **1-800-342-3009** (prese opsyon 6) pou w gen nimewo telefòn pou pran kontak ak divizyon PSA lokal ou a.

- **Vyolans Domestik (Abi Fizik oswa Emosyonèl oswa Menas pou Komèt Abi)** – Sèvis yo bay fanmi ak lòt moun ki nan kay la, ki genyen oswa ki pagen timoun, pou ede yo ak pwoblèm abi fizik oswa emosyonèl, oswa ak menas pou komèt abi fizik oswa emosyonèl. Byenke pagen okenn limit sou revni pou w sa jwenn sèvis vyolans domestik, fanmi ak moun ki bezwen kay refij poutèt vyolans domestik ka oblige kontribye nan pri kay refij la toudepande revni pèsonèl yo ak resous ki disponib yo.

Ou ka rele liy asistans 24 è sou 24 la pou ka jwenn enfòmasyon konsènan kay refij annijans, gwoup sipò ak konsèy. Sèvis sa yo ap ede oumenm ak pitit ou yo rete an sekirite. Pou ka pran enfòmasyon ak referans pou ale wè founisè ki bay sèvis nan ka vyolans domestik bò lakay ou, annik rele nimewo telefòn ki anba yo 24 è sou 24:

**Nan Vil Nouyòk** rele: **1-800-621-HOPE (1-800-621-4673)**

**Nan nenpòt zòn apade Leta Nouyòk**, rele Liy Asistans pou Vyolans Domestik nan Leta Nouyòk la (NYS Domestic Violence Hotline) nan **1-800-942-6906 (moun ki pale panyòl yo dwe rele nimewo 1-800-942-6908)**

Yon travayè sosyal ki okipe zafè bay moun sèvis ka toujou fè aranjman pou w jwenn enfòmasyon sa yo.

#### K. E si Mwen Bezwen Swen pou Timoun ki nan yon Sitiyasyon Dijans?

- R. Swen pou Timoun **ka** disponib pou paran(yo)/moun ki gen gad(yo), si fanmi an swa ap resevwa Asistans Tanporè oswa gen revni ki nan limit yo pèmèt la, nan yon sitiayson dijans pandan yon ti tan kout tankou nan ka kote paran(yo)/moun ki gen gad(yo) pa nan kay la pandan tout jounen an poutèt yon seri bagay tankou ensandi, lap chèche kay oswa lap fè travay/menaj pou moun aje oswa pou yon fanmi I ki andikape. Sa depannde si depatman sèvis sosyal lokal la gen fon disponib. Mande yon travayè sosyal si depatman sèvis sosyal bò lakay ou peye pou asistans swen timoun nan sikontans sa yo.

Si w abite **andeyò** de Vil Nouyòk, rele oswa ale nan biwo depatman sèvis sosyal lokal la. Si w rete **nan** Vil Nouyòk, rele oswa ale nan Sant Travay lokal la oswa chèche enfòmasyon kontak sou Human Resources Administration (Administrasyon Resous Imèn, HRA) oswa Administration for Children's Services (Administrasyon Sèvis Pou Timoun, ACS) nan paj Gouvènman yo ki nan anyè telefonik pou minisipalite kote w rete a nan Vil Nouyòk la. Rele nimewo ki ekri pou kalite èd ou bezwen an.

#### K. Èske Mwen Ka Jwenn Asistans pou m Kominike Si Mwen gen yon Andikap Lè Mwen Mande pou Asistans Annijans?

- R. Wi. Tout tan, menm lè gen ijans sepandan pa nan ka dijans yo sèlman, depatman sèvis sosyal lokal yo fèt pou yo bay èd oksilyè ak/oswa sèvis ki nesesè yo, ki ka enkli san yo pa limite a sèvis sa yo sèlman, sèvis entèprèt, pou fasilité komunikasyon avèk moun ki gen andikap ki toutosi efikas ke komunikasyon avèk moun ki pagen andikap. Lè se depatman sèvis sosyal lokal ki bay sèvis entèprèt, yo pa ka mande w ni egzije w pou peye pou entèprèt la.

#### K. Èske Mwen Ka Mennen yon Fanmi oswa yon Zanmi pou yo Sa Entèprete pou Mwen?

- R. Wi. Depatman sèvis sosyal lokal ou a ka kite moun ki soud oswa moun ki gen pwoblèm pou tande oswa ki gen pwoblèm pou pale pou yo gen yon fanmi oswa yon zanmi ki pou entèprete pou yo, sepandan depatman an pap mande aplikan/moun kap resevwa benefis yo pou yo vini ak pwòp entèprèt yo.

- K. Si Mwen gen yon Andikap E Randevou M Nan Ranvwaye Poutèt pat Gen Posibilité pou Fè Akomodasyon Rezonab nan Dat Mwen te Mande Asistans Annijans la, Èske Mwen Ka Toujou Jwenn Sèvis Annijans yo?**
- R. Wi, depatman sèvis sosyal lokal ou a dwe adrese bezwen dijans/imeda moun ki gen yon andikap.
- K. Kisa Kap Rive Si Yo Refize Demann Mwen an Pou Asistans Tanporè Annijans?**
- R. Si yon travayè sosyal detèmine ke sitiyasyon w lan se pa yon ijans e ke w paka jwenn asistans pou satisfè ijans ou an, yo pral ba w yon avi alekri menm jou a ki pral fè w konn sa e ki pral ba w rezon detèminasyon an. Avi sa a vle di sèlman ke yo te refize demann ou an pou **asistans pou satisfè ijans ou an**. Si w panse ke yo pat dwe refize demann pou asistans pou satisfè ijans ou an, ou ka mande pou yon Konferans ak Ajans lan oswa pou yon Odyans san Patipri Annijans.